



City of Philadelphia

Vanjans

Kisa ki vanjans lan?

Patwon w lan pa ka revoke w, desann grad ou, tizonnen w oswa diminye nan èdtan w yo paske w depoze yon plent pou diskriminasyon, danje pou sekirite, vòl salè oswa vyolasyon konje maladi peye. Vanjans lan se yon vyolasyon lwa federal, lwa Eta ak lwa Philadelphia. Lalwa entèdi vanjans lan, kèlkeswa sitwayènte w sitiyanasyon w ak imigrasyon.

Ki kèk egzanp vanjans?

Nan egzanp vanjans yo genyen evalyasyon negatif ki pa jistifye, avètisman alekri oswa avètisman vèbal ki pa jistifye ak lòt mezi disiplinè yo, chanjman nan lè, fonsyon ak afektasyon, desann grad, redui salè ak revokasyon.

Kijan m kapab pwoteje tèt mwen kont vanjans?

Yon sèl fason pou w pwoteje tèt ou se jwenn avèk yon lòt kòlèg lè w ap pote plent sou kondisyon travay ou yo (pa egz. peman, èdtan yo, sekirite, pwoblèm disiplin, elatriye). Yo rele sa "aktivite tèt ansanm," epi Lwa Nasyonal sou Relasyon nan Travay ba w pwoteksyon kont vanjans depi w pote plent avèk omwen yon lòt kòlèg. Ou pa oblije fè pati yon sendika pou pwoteksyon sa a aplike.

Anplis, ou ta dwe dokimante nenpòt pwoblèm ou genyen nan espas travay la alekri, alafwa lè w ap kominike avèk patwon w lan e pou w kapab dokimante pwoblèm yo pou pwòp dosye pa w. Konsa, si patwon w lan fè w bagay ki mal, li pral pi fasil pou pwouve.

Kisa pou m fè si m kwè mwen se viktim vanjans?

Oumenm, yon ajans otorize oswa sendika w la ka depoze yon plent nan non w. Piske vanjans lan kapab pran plizyè fòm, ou ka oblije depoze plent ou an nan youn nan biwo pi ba yo. Pou vanjans ki gen rapò ak vòl salè epi konje maladi peye, ou kapab jwenn fòm plent ou an lè w voye yon imèl bay Biwo Konfòmite ak Avantaj ak Salè (Office of Benefits and Wage Compliance) nan wagetheft@phila.gov oswa lè w ale sou <https://www.phila.gov/documents/wage-theft-complaint>. Ou ka kontakte tou Komisyon Philadelphia pou Relasyon Moun (Philadelphia Commission on Human Relations, PCHR) pou w konnen si depoze yon plent ka apwopriye sou baz alegasyon vanjans ou yo. Tanpri mande ekip la fason pou w jwenn sèvis lengwistik gratis minisipalite Vil Philadelphia ofri yo.

Si w se yon anplwaye nan Vil Philadelphia, e ou kwè ou se viktim mezi defavorab patwon w lan pran pou li vanje akòz mezi pwoteksyon yo, depoze yon plent epi kontakte yon avoka pou w pale sou dwa ak rekou ou genyen yo.

Biwo Konfòmite ak Avantaj ak Salè Komisyon
1515 Arch Street 11th fl.
Philadelphia, PA 19102
wagetheft@phila.gov

Community Legal Services of Philadelphia
1424 Chestnut Street
Philadelphia, PA 19102
215-981-3700
www.clsphila.org

Philadelphia pou Relasyon Moun
601 Walnut Street Suite 300
Philadelphia, PA 19106
pchr@phila.gov

Justice at Work
990 Spring Garden Street, Suite 300
Philadelphia, PA 19123
215-733-0878
www.justiceatworklegalaid.org